

FEMA AVI PIBLIK 4618-DR-PA

Pennsylvania Asistans Endividyèl la, Pwogram Asistans Piblik la ak pwogram Sibvansyon pou Rediksyon Danje

Release Date: Nov 15, 2021

Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (Federal Emergency Management Agency, FEMA) bay piblik la avi sa a, konsènan entansyon li genyen pou ranbouse aplikan ki kalifye yo lajan yo te depanse pou fè reparasyon ak/oswa ranplasman etablisman Siklòn Ida (FEMA-4618-DR-PA) te domaje, kòmanse 31 Out 2021 jiska 5 Septanm 2021. Avi sa a aplike pou Pwogram Asistans Piblik la (Public Assistance, PA), Asistans Endividyèl la (Individual Assistance, IA), ak pwogram Sibvansyon pou Rediksyon Danje a (Hazard Mitigation Grant, HMGP) ki aplike anba otorite Lwa Asistans Sekou ak Ijans Robert T. Stafford, 42 U.S.C. §§ 5121-5206.

Dapre yon deklarasyon pou gwo katastwòf (FEMA-4618-DR-PA), Prezidan an te siyen nan dat 10 Septanm 2021 pou Asistans Endividyèl, ak yon avi adisyonèl pou modifikasyon deklarasyon pou gwo katastwòf la nan lide pou ajoute Asistans Piblik la, Prezidan an te siyen li nan dat 8 Oktòb 2021, yo te chwazi konte sa yo kòm konte ki afekte yon fason negatif akòz katastwòf la epi yo kalifye pou ni IA epi PA: Bedford, Bucks, Chester, Delaware, Montgomery, Philadelphia, ak York. Konte sa yo kalifye sèlman pou IA: Northampton. Konte sa yo kalifye sèlman pou PA: Dauphin, Fulton, Huntingdon, Luzerne, ak Schuylkill. Yo ka chwazi kèk konte adisyonèl nan yon pwochen dat. Tout konte nan Kominote Pennsylvania a kalifye pou HMGP.

Avi piblik sa a konsène aktivite ki kapab afekte pwopriyete istorik yo, aktivite ki lokalize nan oswa ki afekte zòn makeraj yo oswa plèn inondab 100 lane yo, ak aksyon kritik nan plèn inondab 500 lane yo. Aktivite sa yo kapab afekte pwopriyete istorik la, plèn inondab oswa marekaj yo yon fason negatif, oswa sa ka lakoz yon frajilite pou domaj inondasyon.



FEMA

Page 1 of 4

Lòd Egzekitif Prezidansyèl 11988 ak 11990 mande pou tout aksyon federal nan oswa ki afekte plèn inondab la oswa marekaj yo dwe revize pou opòtinite deplase epi yo dwe evalye pou konsiderasyon sosyal, ekonomik, istorik, anviwònmanal, legal ak sekirite. Kote pa gen opòtinite pou deplase, FEMA oblije antreprann yon revizyon an detay pou detèmine ki mezi ki ka pran pou minimize pwochen domaj yo. Nou envite piblik la pou patisipe nan pwosesis pou idantifye altènatif yo ak analize enpak yo.

FEMA te detèmine pou sèten kalite etablisman ki nòmalman pa gen altènatif pou restorasyon nan plèn inondab oswa makeraj la. Sa yo se etablisman ki reponn ak tout kritè sa yo: 1) Estimasyon FEMA pou reparasyon se mwens pase 50% pri pou ranplase tout etablisman an epi se mwens pase \$100,000; 2) etablisman an pa sitiye nan yon zòn inondasyon; 3) etablisman an pa te sibi gwo domaj estriktirèl nan yon dezaz oswa ijans inondasyon Prezidan te deklare avan; ak 4) etablisman an pa kritik (pa egzanzp, etablisman an se pa yon lopital, izin k ap jenere, sant operasyon ijans, oswa yon etablisman ki gen materyèl danjere). FEMA gen entansyon bay asistans pou restorasyon etablisman sa yo nan kondisyon yo te ye avan katastwòf la, sof nan mezi pou rediksyon efè pwochen inondasyon yo ak lòt danje ki ka nan deklarasyon travay la. Pa egzanzp, yon restorasyon pon oswa konduit dlo ka gen ladan yon pi gwo ouvèti dlo pou diminye pwoblèm ak dlo pi devan.

Pou aktivite woutin, sa a pral sèl avi piblik nou bay. Lòt aktivite ak lòt enstalasyon ki enplike yo, pa reponn kat kritè yo, yo oblije sibi plis revizyon an detay, ki gen ladan etid sou lòt kote. Lòt avi piblik ki konsène pwojè sa yo pral pibliye si sa nesèsè, lè gen plis enfòmasyon ki disponib.

Nan anpil ka, yon aplikan ka te kòmanse restorasyon etablisman anvan patisipasyon federal la. Menm si etablisman an dwe sibi yon revizyon detaye ak analiz lòt kote, FEMA ap finanse restorasyon ki kalifye nan lokal orijinal la si etablisman an depann de fonksyonèl kote plèn li yo (pa egzanzp, pon ak enstalasyon kontwòl inondasyon), oswa pwojè a fasilite yon espas ouvri. itilize, oswa etablisman an se yon pati entegral nan yon rezo ki pi gwo ki enposib oswa rantab deplase, tankou yon wout. Nan ka sa yo, FEMA dwe egzaminen konsekans posib lè yo pa restore etablisman an, minimize enpak nan plèn inondab oswa marekaj yo, epi pou detèmine yon nesèsite piblik ki pi enpòtan pou etablisman an, depase klèman kondisyon ki nan Lòd Egzekitif pou evite plèn inondab oswa marekaj la, epi sit la se sèl altènatif ki posib. Kominote



Pennsylvania a epi otorite lokal yo ap konfime ak FEMA aksyon ki pwopoze yo konfòme yo ak tout jesyon eta ak plèn inondasyon lokal ki aplikab ak egzijans pwoteksyon tè.

Lòd Egzekitif Prezidansyèl 12898, Aksyon pou Abòde Jistis Anviwònman nan Popilasyon Minorite a ak Popilasyon ki gen Revni Ba, dirije chak ajans federal pou evite popilasyon ki gen revni ba a ak popilasyon minorite a, sibi gwo efè negatif sou sante moun oswa anviwonman an. FEMA gen objektif pou li idantifye kominote ki gen ti revni an ak kominote minorite yo, depi nan kòmansman yon evènman ki deklare, yon fason pou pi byen konprann fason efò repons yo ak rekiperasyon yo, ki gen ladan alèjman, ki kapab afekte gwoup sa yo ak kominote sa yo. Anplis de sa, lè yo fin idantifye kominote ki gen revni ba a ak kominote minorite yo, FEMA gen objektif pou li minimize nenpòt enpak negatif sou kominote sa yo atravè ankourajman pou seleksyon opsyon repons ak aksyon rekiperasyon ki gen ladan pwojè HMGP yo.

FEMA gen entansyon bay yon finansman pou pwogram IA genyen pou lojman ijans ki gen rapò ak katastwòf yo. Aksyon sa yo gendwa afekte yon plèn inondab/maraj oswa yo ka lakòz frajilite kontinyèl nan inondasyon. Aksyon sa yo ka gen ladan yo reparasyon, restorasyon, oswa konstriksyon lojman oswa pon prive, achte ak plasman karavàn yo oswa inite lojman yo fabrike, oswa reparasyon estrikti kòm mezi pwoteksyon minimòm. Sa a se sèl avi piblik konsènan aksyon sa yo.

FEMA gen entansyon bay finansman HMGP pou Kominote Pennsylvania a, nan lide pou diminye domaj pwochen katastwòf yo. Pwojè sa yo ka gen ladan konstriksyon nouvo fasilite yo, modifikasyon enstalasyon ki egziste deja, ki pa domaje, demenajman enstalasyon soti nan plèn inondasyon, demolisyon estrikti, oswa lòt kalite pwojè pou diminye domaj dezans nan lavni. Nan kou pou devlope pwopozisyon pwojè yo, yo pral pibliye avi piblik ki vin apre yo si sa nesèsè, lè gen plis enfòmasyon espesifik ki vin disponib.

Lwa sou Prezèvasyon Istorik Nasyonal la egzije pou ajans federal yo pran an kont efè pwomès yo sou pwopriyete istorik yo. Aksyon oswa aktivite ki afekte bilding, estrikti, distri oswa objè sa yo ki gen 50 ane oswa plis oswa ki afekte sit akeyoloji oswa tè yo pa deranje pral mande pou plis revizyon detèmine si pwopriyete a kalifye pou li nan lis Rejis Nasyonal pou Plas Istorik yo (Rejis). Si yo detèmine pwopriyete a ki kalifye pou Rejis la, epi antrepriz FEMA a pral afekte li



negativman, FEMA ap bay plis avi piblik. Pou pwopriyete istorik pa afekte negativman pa antrepriz FEMA a, sa pral sèl avi piblik la.

Jan nou note, sa ka sèl avi piblik konsènan aksyon ki dekri anwo yo anba pwogram PA, IA ak HMGP yo. Moun ki enterese ka jwenn enfòmasyon sou aksyon sa yo oswa yon pwojè espesifik lè yo ekri Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA), Joint Field Office, 2550 Interstate Dr., Harrisburg, PA, 17110; oswa pa mwayen imèl: FEMA-R3-EHP-PublicComment@fema.dhs.gov. Kòmantè yo ta dwe voye alekri bay E. Craig Levy, Ofisye Kowòdinasyon Federal, nan adrès ki anwo a nan 15 jou ki vini apre dat avi sa a.



FEMA